## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

### Халық билимлендириў тараўындағы мектептен тыс билимлендириў тараўын раўажландырыўдың қосымша ис-илажлары ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң “Мектептен тыс билимлендириў тараўын раўажландырыўдың қосымша ис-илажлары ҳаққында”ғы 2021-жыл 27-майдағы 331-санлы қарарының ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 7-июньдеги “Халық билимлендириў тараўында мектептен тыс билимлендириў тараўын раўажландырыўдың қосымша ис-илажлары ҳаққында”ғы 175-санлы буйрығында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде буйыраман:

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң “Мектептен тыс билимлендириў тараўын раўажландырыўдың қосымша ис-илажлары ҳаққында”ғы 2021-жыл 27-майдағы 331-санлы қарары ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 7-июньдеги “Халық билимлендириў тараўында мектептен тыс билимлендириў тараўын раўажландырыўдың қосымша ис-илажлары ҳаққында”ғы 175-санлы буйрығы министр орынбасарлары, басқарма ҳәм бөлимлер, аймақлық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары, министрликке қараслы мекеме ҳәм шөлкемлер директорлары тәрепинен басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң “Мектептен тыс билимлендириў тараўын раўажландырыўдың қосымша ис-илажлары ҳаққында”ғы 2021-жыл 27-майдағы 331-санлы қарары менен:

Республикалық “Бәркамал әўлад” балалар метебиниң структурасы 1-қосымшасына муўапық;

Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы “Бәркамал әўлад” балалар мектеплериниң үлги структурасы 2-ҳәм 3-қосымшасына муўапық;

“Бәркамал әўлад” балалар мектеплери ҳаққындағы реже 4-қосымшасына муўапық;

Республикалық “Балалар китапханасы”ның структурасы 5-қосымшасына муўапық;

Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы “Балалар китапханалары”ның үлги структурасы 6-қосымшасына муўапық;

“Балалар китапханалары” ҳаққындағы реже 7-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы;

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрине Өзбекстан Республикасы Экономикалық раўажланыў ҳәм камбағаллықты қысқартыў

министрлиги, Хабар технологиялары ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў министрлиги ҳәмде Монополияға қарсы гүресиў комитети менен келисилген ҳалда халық билимлендириў тараўындағы улыўма орта ҳәм мектептен тыс билимлендириў мекемелери ушын оқыўшылардың инженерлик, робототехника, мехатроника ҳәм дәстүрий тәмийинлеў бағдарлары бойынша оқыў шынығыўларында пайдаланыў ҳәмде инновацион исленбелерин әмелге асырыў бойынша республикада ислеп шығарылмайтуғын, шеттен алып келинетуғын шийки затлар ҳәм инвентарлар дизимин тастыйықлаў ҳуқықы берилгенлиги;

мектептен тыс билимлендириў мекемелери баслықларының базалық тариф ставкалары оқыўшылар (тәрбияланыўшылар) контингентине қарап мекемелер I топар 601 оқыўшы ҳәм оннан артық, II топар 301-600 оқыўшыға шекем, III топар 300 шекем белгиленгенлиги;

социаллық қорғаўға мүтәж шаңарақ перзентлери, меҳрибанлық үйлери ҳәм Балалар қалашасы тәрбияланыўшылары, имканияты шекленген балалар ушын қәнигелестирилген билимлендириў мекемелериниң оқыўшылары ҳәм ишки ислер органларының профилактикалық есабына алынған оқыўшылар “Бәркамал әўлад” балалар мектеплеринде оқығанлығы ушын ата-аналар төлеминен азат етилгенлиги;

Техникалық дөретиўшилик бағдарындағы дөгереклер ушын ата-аналар төлеми Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы мектеплеринде 25 пайыз, район (қала) мектеплеринде 20 пайыз етип белгиленгенлиги;

егер мектепке шаңарақта биреўден артық бала барса, олардың ҳәр бири ушын оқығанлығы ушын ата-аналардан алынатуғын төлемлер муғдарының 70 пайызы, дөгерек ағзасы мектепте шөлкемлестирилген биреўден артық дөгерекке ағза болған жағдайда 60 пайыз төлениўи мүмкинлиги;

Ата-аналар төлеминен түскен қаржылар есабынан:

а) “Бәркамал әўлад” балалар мектеплери ушын зәрүр болған шийки зат ҳәм материаллық байлықлар (мебель, әсбап-үскене ҳәм инвентарлар, компьютер техникасы ҳәм басқалар) ҳәм транспорт қуралларын сатып алыўға;

б) мәдений-массалық илажларды өткериў ҳәм оларға қатнасыў менен байланыслы қәрежетлерге;

д) дөгерек басшылары ҳәм хызметкерлерди 50 пайызға шекем хошаметлеўге;

е) оқыўшылары халықаралық көлемде өткерилетуғын көрик-таңлаў ҳәм фестивалларда жеңимпаз болған дөгерек басшылары айлық ис ҳақының базалық есаплаў муғдары бойынша 1-орын ушын 20 есесине шекем, 2-орын ушын 15 есесине шекем, 3-орын ушын 12 есесине шекем бир мәртелик пул сыйлықлары менен хошаметлениўи;

ф) оқыўшылары республика көлеминде өткерилетуғын көрик-таңлаў ҳәм фестивалларда жеңимпаз болған дөгерек басшылары айлық ис ҳақының базалық есаплаў муғдары бойынша 1-орын ушын 10 есесине шекем, 2-орын ушын 7 есесине шекем, 3-орын ушын 5 есесине шекем бир мәртелик пул сыйлықлары менен хошаметлениўине сарыпланыўы белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 7-июньдеги “Халық билимлендириў тараўында мектептен тыс

билимлендириў тараўын раўажландырыўдың қосымша ис-илажлары ҳаққында"ғы 175-санлы буйрығы менен

Республикалық «Бәркамал әўлад» балалар мектеплериниң үлги түриндеги уставы 1-қосымшасына муўапық;

Республикалық "Балалар китапханалары"ның үлги түриндеги уставы 2-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Министрликтиң руўхый әдеп-икрапмлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Танирбергенов)

мектептен тыс билимлендириў мекемелериндеги тәлим-тәрбия бырысы сыпатын системалы қадағалап барыў ҳәм жумысларын шөлкемлестириў мониторингин әмелге асырсын;

Кадрлар бөлими (С.Жуманиязов) менен биргеликте **еки ай мүддетте** "Бәркамал әўлад" балалар мектеплери ҳәм "Балалар китапханалары" директорлығына талабанларды қайта көрип шықсын, тәжирийбели, сондай-ақ, жоқары нәтийжелерге ерисип киятырған қәнигелер менен толтырылыўын тәмийинлесин;

тийисли министрликлер менен келисилген ҳалда "Бәркамал әўлад" балалар мектеплери ҳәм "Балалар китапханалары"ның үлги штатлары кестелери ҳәм тийисли лаўазымлары ушын тариф разриядларын тастыйықлаў шараларын көрсин;

Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова) менен биргеликте "Бәркамал әўлад" балалар мектеплери ҳәм "Балалар китапханаларын" раўажландырыў, дөгерек шынығыўлары ушын зәрүр болған шийки затлар сатып алыў, китапханалар фондын жаңа әдебиятлар менен байытыў бойынша имтиязлы шәртлер тийкарында шет ел кредитлери ҳәм грантларын тартыў илажларын көрсин.

5. Республикалық "Бәркамал әўлад" балалар мектеби (Т.Нажимов):

а) 2021-жыл **1-августқа шекем** улыўма орта ҳәм мектептен тыс билимлендириў мекемелери ушын оқыўшылардың инженерлик, робототехника, мехатроника ҳәм дәстүрий тәмийинлеў бағдарлары бойынша оқыў шынығыўларында пайдаланыў ҳәм инновацион исленбелерин әмелге асырыў бойынша республикада ислеп шығарылмайтуғын шет елден алып келинетуғын, сондай-ақ дөгерек шынығыўларының басқа бағдарлары ушын зәрүр болған шийки затлар ҳәм инвентарлар дизимин;

**бир ай мүддетте** "Бәркамал әўлад" балалар мектеплерин 1 ҳәм 3 жыллық раўажландырыў стратегиясын (анық мақсетли көрсеткишлер менен);

усы жыл **1-августқа шекем** "Бәркамал әўлад" балалар мектеплерин толық хатлаўдан өткериў (материаллық-техникалық базасы, инвентарьлар менен тәмийинлениў жағдайлары ҳәм басқалар) ҳәм хатлаў нәтийжелери бойынша анализленген усынысларын;

**еки ҳәпте мүддетте** Республикалық "Бәркамал әўлад" балалар мектебиниң директор орынбасарлары ушын талабанларды;

**еки ай мүддетте** 2021-2022 оқыў жылына "Бәркамал әўлад" балалар мектеплеринде хызмет ететуғын дөгереклер оқыў бағдарламасы ҳәм ис режелерин министрликке тастыйықлаў ушын киритсин;

б) **бир ай мүддетте** Республикалық “Бәркамал әўлад” балалар мектебин жоқары мағлыўматлы қәнигелер (дөгерек басшылары, инструктор-методистлер, методистлер) менен тәмийинлеў илажларын көрсин.

6. Республикалық “Балалар китапханасы” (З.Сейтниязова)на:

**бир ай мүддет** ишинде Республикалық “Балалар китапхана”сын жоқары мағлыўматлы қәнигелер менен тәмийинлеў ҳәм жумыс ислеп атырған хызметкерлердиң жумысын қайта көрип шығыў шараларын көриў;

**еки ай мүддет** ишинде китапханларға хызмет көрсетиў шәрт-шараятларын, форма ҳәм усылларын жетилистириў, арнаўлы бағдарламаларды жәриялаў, электрон хабар-мағлыўмат хызметлерин жаратыў, заманагөй компьютер қуралларынан ҳәм мағлыўматлар узатыў технологияларынан пайдаланыў тийкарында китапханалар жумыс барысын автоматластырыў бойынша усыныслар ислеп шығыў;

усы жылдың **1-августине шекем** улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапханалары фондын анализлеў, жаңа әдебиятлар менен байытыў бойынша усыныслар ислеп шығып, министрликке киритиў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими (И.Балтабаев) “Бәркамал әўлад” балалар мектеплери, “Балалар китапхана”ларын үскенелеў жумысларын әмелге асырыў бойынша ҳәр жылы қәлиплестирилетуғын Инвестиция дәстүрине киритип барсын ҳәмде зәрүр болған қаржылардың ажыратылыўын тәмийинлеў;

“Бәркамал әўлад” балалар мектеплери, “Балалар китапхана”ларының имаратын ҳәм қосымша имаратларын қурыў, реконструкция қылыў ҳәм ири оңлаў жумысларын әмелге асырыў;

объектлердиң сыпатлы ҳәм белгиленген мүддетте қурылыс оңлаў жумысларын жуўмақлаў ҳәмде зәрүр болған буйымлар менен тәмийинлеў илажларын көрсин.

8. Министрликтиң кадрлар бөлими (С.Жуманиязов)не ҳәмде барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

Қарарға муўапық мектептен тыс билимлендириў мекемелери баслықлары ҳәм олардың орынбасарлары айлық ис ҳақының базалық тариф ставкаларын қайтадан көрип шығыў ҳәм штат кестелерине тийисли өзгерислер киритилиўин тәмийинлеў;

**бир ай мүддетте** “Бәркамал әўлад” балалар мектеплери ҳәм “Балалар китапханалары” директорлығы ушын жас, исшең ҳәм жаңа инновациялық пикирлерди әмелиятқа енгизе алатуғын 3 талабанның ҳүжжетлерин министрликке усыныс етиў;

Республикалық, район (қала)лық “Бәркамал әўлад” балалар мектеплери, Республикалық “Балалар китапханасын” жоқары мағлыўматлы қәнигелер (дөгерек басшылары, китапханашылар, инструктор-методистлер, методистлер) менен тәмийинлеўди қадағалаўға алыў;

улыўма орта билим бериў мектеплеринде мекемениң материаллық-техникалық базасынан келип шыққан ҳалда оқыўшылардың қызығыўына қарап “Бәркамал әўлад” балалар мектеплериниң тармақ дөгереклериниң шөлкемлестирилиўин қадағалап барыў;

“Бәркамал әўлад” балалар мектеплериниң бос турған имарат ҳәм жер майданларынан үнемли пайдаланыўын тәмийинлеў ушын мәмлекетлик-жеке шериклик шәртлери тийкарында мақсетли жойбарларды әмелге асырыў;

мектептен тыс билимлендириў мекемелердеги тәлим-тәрбия сыпатын қадағалаў ҳәм жумысларын шөлкемлестириў мониторингин әмелге асырыў;

“Балалар китапханаларында” китап дүканлары ҳәм “Китап кафелери” сыяқлы түрли пуллы ҳәм интернет хызмет түрлерин жолға қойыў;

“Балалар китапханалары” улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапханаларына китапханлық ҳәм библиографикалық хызмет көрсетиў бойынша методикалық жәрдем көрсетиў ҳәм олардың жумысларын муўапықластырып барылыўын қадағалаў;

Қарар менен тастыйықланған структура тийкарында штат бирликлерин қәлиплестириў ҳәм реже тийкарында мекеме жумысларын толық жолға қойыўды қадағалаў ўазыйпасы тапсырылсын.

9. Белгилеп қойылсын:

“Бәркамал әўлад” балалар мектеплери ҳәм “Балалар китапханалары” директорлығы ушын талабанлар өзлериниң алдына қойған 3 жыллық режелери менен сәўбеттен өткериледи;

“Бәркамал әўлад” балалар мектеплери ҳәм “Балалар китапханалары” директорлығы ушын ҳәзирги күнде директор ўазыйпасын орынлап атырған талабанлар усыныс етилген жағдайда өзлериниң соңғы жылларда әмелге асырған жумыслары, жетискенликлери ҳәмде алдағы 3 жыллық режелери менен сәўбеттен өткериледи.

10. Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Танирбергенов) бир ай мүддет ишинде тийисли министрликлер ҳәм мекемелер менен биргеликте әмелдеги қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди жоқарыда атап өтилген Қарарға муўапықластырсын.

11. Усы буйрықтың қабыл етилиўи мүнәсибети менен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 7-февральдағы «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң “Бәркамал әўлад” балалар мектеплери, “Балалар китапханалары”ның ўақытша структураларын тастыйықлаў ҳаққындағы 2020-жыл 16-январьдағы 18-санлы буйрығы туўралы» 25-санлы ҳәмде 2020-жыл 9-марттағы «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 4-марттағы «Бәркамал әўлад» балалар мектеплери, «Балалар китапханалары»ның ўақытша режеси ҳәм уставын тастыйықлаў ҳаққындағы 64-санлы буйығы туўралы» 57-санлы буйрықлары бийкар етилсин.

12. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл “21” Июнь
№ 154